

**URUPAPURO RWUKURI RUGENEWE ABAHAWA URUCANCO NABA BITAHO
URUHUSA RWOGUKOYESHA VYIHUTIRWA (EUA) BWA
URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA RUKINGIRA INDWARA YA
CORONAVIRUS 2019
(COVID-19) MU BANTU BAFISE IMYAKA 18 KUDUGA**

Uriko uhabwa Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna rukingira Indwara ya Coronavirus 2019 (COVID-19) iterwa na SARS-CoV-2. Urupapuro rwukuri rurimwo amakuru agufasha gutahura ivyago n'inyungu ry'urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna, ushobora guhabwa kubera muruwumwanya hari ikiza ca COVID-19.

Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna ni urucanco kandi rushobora kugukingira ntufatwe na COVID-19. Nta rucanco ibiro bijejwe Gutohoza Ibifungurwa n'Imiti rwa Reta Zunze Ubumwe za Amerika (FDA) rwemeje ko rukingira COVID-19.

Soma neza urupapuro rwukuri kugira uronke amakuru y'urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna. Yaga n'umutangabufasha ajewe gucandaga nimba ufise ibibazo. Ni amahitamwo yawe gucandagwa Urucanco rwa Moderna rukingira COVID-19.

Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna rutangwa muma doze abiri 2, atandukanye, haheze ukwezi kumwe 1, mumutsi.

Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna rushobora kudakingira abantu bose.

Ururupapuro rwukuri rushobora kuba rwashizwe kugihe. Mukuronka urupapuro rwukuri ruheruka gusohoka, nkundira urabe kuri www.modernatx.com/covid19vaccine-eua.

ICO UKENEYE KUMENYA IMBERE YOKURONKA URURUCANCO

COVID-19 NI IKI?

Indwara ya COVID-19 iterwa na coronavirus yitwa SARS-COV-2. Ubu bwoko bwa coronavirus ntibwari bwabonwe narimwe. Urashobora kwandukizwa COVID-19 bivuye nokwegerana n'uwundi muntu ufise uwo mugera. Ahanini ni indwara ijanye noguhema ishobora gufata ibindi bihimba. Abantu bafise COVID-19 bafise ibimenyetso vyinshi bidasa bimaze kumenywa, bihera kubimenyesto bibayabaye gushika kubimenyetso bikaze. Ibimenyetso bishobora kwibonekeza kumusi wa 2 gushika kuwa 14 kuva aho ushobora kuba waregeranye n'umugera. Mubimenyetso hashobora kuba harimwo: umucanwa canke kujugumira; inkorora; guhema udashikana; uburuhe; kubabara mu mumutsi canke mumubiri; kumeneka umutwe; kutasoserwa canke kutamoterwa; kubabara mu muhogo; amazuru afunze canke ufise ibicurane; iseseme canke kudahwa; gucibwamwo.

URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA NI IKI NONE?

Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna ni urucanco rutaremerwa rushobora gukingira COVID-19. Nta rucanco ruremerwa na FDA rukingira COVID-19.

FDA yatanze uruhusha rwikoresho ryihutirwa ry'urucanco urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna rwo mukwingira COVID-19 mu bantu bafise imyaka 18 kuduga bifatiwe k' Uruhusha Rwogukoresha Vyihutirwa (EUA).

Kuyandi makuru kuri EUA, raba agace ka “Ni iki Uruhusha Rwogukoresha Vyihutirwa (EUA)?” mumpero ryuru rwupapuro rwukuri.

NI IKI UKWIYE KUBWIRA UWUKURONSA URUCANCO IMBERE YUKO URONSWA URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA?

Bwira uwukonsa urucanco ivyerekeye amagara yawe vyose, wongeremwo niwaba:

- ico ari co cose uhurirwa canke uziranizwa
- ufise umucanwa
- Woba ufise indwara yo kuva amaraso canke uriko urafata imiti ituma amaraso adafatana
- sisitemu yo kwirinda mumubiri wawe ifise ikibazo canke uri kumiti infise ingaruka kuri sisitemu yo kwirinda yumubiri wawe
- uribugenze canke uriko urategekanya kwibungenga
- uronsa
- wacandazwe urundi rucanco rwa COVID-19

NINDE AKWIYE KURONSWA URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA?

FDA yatanze uruhusha rwikoresho ryihutirwa ry'urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna kubantu bafise imyaka 18 y'amavuka kuduga.

NI NDE ATAKWIYE KURONSWA URUCANCO RWA MODERNA RUKINGIRA COVID-19?

Ukwiye kutaronswa urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna niwaba:

- niwaba waraziraniwe canke wahuriwe bikaze uhejeje guterwa doze ya mbere y'uru rucanco
- niwaba waraziraniwe canke wahuriwe bikaze ku bintu bikoze uru rucanco

NI IBIKI BIKOZE URUCANCO RWA MODERNA RUKINGIRA COVID-19? Ibintu biri muri urucanco rwa Moderna rukingira COVID-19 ni ibikurikira: mRNA, lipids (SM-102, polyethylene glycol [PEG] 2000 dimyristoyl glycerol [DMG], cholesterol, and 1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine [DSPC]), tromethamine, tromethamine hydrochloride, acetic acid, sodium acetate, na sucrose.

URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA RURONSWA GUTE?

Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna ruzokuronswa biciye mu rushinge ruterwa mu mumutsi.

Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna ni urucanco rutangwa muri doze 2 zitandukanye, iya kabiri igaterwa haheze ukwezi 1.

Uronkejwe doze imwe y'k'urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna, ukwiye guca uronswa doze ya kabiri y'uru rucanco nyene inyuma y' ukwezi 1 kugira uheze icandarwa.

URUCANCO RWA MODERNA RUKINGIRA COVID-19 RWARI RUMAZE GUKORESHWA?

Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna ni urucanco rutaremerwa. Muvyageragejwe vyakorewe kwa muganga, ugereranije abantu 15,400 bafise imyaka 18 kuduga bararonkejwe nimiburuburi doze 1 y'urucanco rwa Moderna rukingira COVID-19.

NI IKI INYUNGU Y' URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA?

Mu vyayo bariko baragerageza bikorerwa kwa muganga, urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna vyerekanye yuko uru rucanco rukingira COVID-19 inyuma yama doze 2 aciyemwo ukwezi 1. Umwanya ukingirwa COVID-19 nturamenyekana muruyu mwanya.

NI IBIHE VYAGO BISHOBORA GUTERWA N'URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA?

Hariho ingaruka z'imiti zimaze kumenyeshwa z'urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna zikaba ari:

- Uko wunva aho watewe urushinge: ububabare, gufyondeka no kuvyimba kumpande yizosi ku kuboko bateyeko urushinge, kuvyimba (gukomera), no gutukura
- Ikurikizi rusangi z’umuti: kuruha, kumeneka umutwe, kubabara mu mitsi, kubabara mu ngingo, kujugumira, iseseme no gucibwamo, n’umucanwa

Hariho amahirwe make yuko urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna rushobora gutuma kuziranirwa bikaze. Kuziranirwa bikaze mu bisanzwe bishika inyuma y’iminota mike gushika kw’isaha inyuma yo kuronswa doze y’ urucanco rwa Moderna rukingira COVID-19. Kuriyi mpanvu, uwukuronsa urucanco ashobora kugusaba ugume mukibanza waronkejwe urucanco kugira agucungere inyuma y’urucanco. Ibimenyetso vyo kuziranirwa canke guhurirwa bikaze bishobora kuba ari:

- Guhema bigoranye
- Kuvyimba mu maso canke mu muhogo
- Umutima uriko urakubita ningoga
- Guhurirwa ku mubiri wose
- Kuzungurirwa no kwunva ata ntege ufise

Izi zirashobora kuba atari zo nkurikizi zonyene z’urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna. Ingaruka zikaze kandi zititezwe zishobora gushika. Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna ruracariko rurigwa mu bigeragezwa bikorerwa kwa muganga.

NOKORA IKI KU NGARUKA Z’IMITI?

Mugihe wunvise uziranijwe bikaze, hamagara 9-1-1, canke wishikire ku bitaro biri hafi yawe.

Hamagara uwakuronkeje urucanco canke umutangabufasha wawe muvy’ubuzi nyimba ufise inkurikizi z’imiti zikugoye canke zitariko zirahera.

Tanga raporo y’ingaruka z’imiti zivuye kurucanco kuri **sisitemu ya raporo ya FDA/CDC iraba inkurikizi mbi z’urucanco (VAERS)**. Hamagara kwa gusa kuri nimero ya VAERS 1-800-822-7967 canke witure kumuhora ngurukana bumenyi <https://vaers.hhs.gov/reportevent.html>. Nkundira ushire “Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna EUA ” mu murongo wa mbere mu gasandungu #18 mu rupapuro rwa raporo.

Vyongeye, urashobora kwitura inkurikizi z’imiti kuri ModernaTX, Inc. at 1-866-MODERNA (1-866-6633762).

Urashobora kandi kuronswa amahitamwo yo kwiyandikisha muri **v-safe**. **V-safe** ni agaporogarama kuwushaka ko kw’iterefone y’ubuhinga bwa none gakoresha ubutumwa bugufi n’igendereza ryo ku ngurukanabumenyi mu gusuzuma abantu bamaze kuronswa urucanco kugira umenye inkurikizi z’imiti umuntu ashobora kugira inyuma yokuronswa urucanco rwa COVID-19. **V-safe** ibaza ibibazo bifasha CDC gucungera umutekano y’urucanco rwa COVID-19. **V-safe** yongera ikibutsa abakwiye kuronka doze ya kabiri mu gihe babikeneye kandi CDC ikanabahamagara kuri terefone mu gihe abafise porogama bavuze ko baronse inkurikizi ziboneka kumagara yabo inyuma yo kuronswa urucanco rwa COVID-19. Kugira uronke ayandi makuru yo ku ngene wiyandikisha, raba: www.cdc.gov/vsafe.

MU GIHE NTOYE KUTARONSWA URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA?

Ni wewe uhitamwo kuronswa canke kutaronswa urucanco rwa Moderna rukingira COVID-19. Mu gihe ufashye

kutaronswa urucanco, ntaco bizohindura ku buryo warusanzwe uronka ubuvuzi.

HOBA HARIHO AYANDI MAHITAMWO MU KWINGIRA COVID-19 UKUYEMWO

Yasubiwemwo: 12/2020

URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA?

Muruwumwanya, ntarundi rucanco rwemewe na FDA ruhari mu gukingira COVID-19. Izindi canco zikingira COVID-19 zishobora kuba zihari vyemewe n’uruhusha rwogukoresha vyihutirwa.

NDASHOBORA KURONSWA URUCANCO KURI COVID-19RWA MODERNA HAMWE N’IZINDI NCANCO?

Ntamakuru ahari kuvyerekeye ikoreshwa ry’urucanco kuri COVID-19rwa Moderna hamwe n’izindi ncanco.

MU GIHE NAHO NOBA NIBUGENZE CANKE NONSA?

Nyimba wibugenze canke uriko uronsa, yaga amahitamwo ufise n’umutangabufasha wawe muvy’amagara.

URUCANCO KURI COVID-19 RWA MODERNA RUZONTERA COVID-19?

Oya. Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna ntirurimwo SARS-CoV-2 kandi ntirushobora kuguha COVID-19.


GUMANA IKARATA YAWA Y’URUCANCO

Uhejeje kuronka doze ya mbere, uzohabwa ikarata y’urucanco yerekana ryari ukwiye kugaruka kuronswa doze ya kabiri y’urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna. Uzokwibuke kuza ufise ikarata yawe ugarutse.

AYANDI MAKURU

Niwaba ufise ibibazo, raba urubuga ngurukana bumenyi canke uhamagare kuri nimero ya terefone yanditse aha musi.

Mugushikira urupapuro rwukuri ruheruka gusohoka, nkundira usikane QR kode iri aha musi..

Urubuga ngurukana bumenyi rw’Urucanco kuri	Nimero ya terefone
www.modernatx.com/covid19vaccine-eua 	1-866-MODERNA (1-866-663-3762)

NOMENYA AYANDI MAKURU GUTE?

- Baza uwukurona urucanco
- Raba ku rubuga rwa CDC kuri <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>
- Raba FDA kuri <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/mcm-legal-regulatory-and-policy-framework/emergency-use-authorization>
- Akura uwuraba ibiranga magara ntara ubamwo canke aho uba .

AMAKURU YO GUCANDARWA YANJE AZOKWANDIKWA HE?

Uwakuronkejwe urucancwo ashobora gushira amakuru yawe mu ntara/aho uteye muri sisitemu y’amakuru yo gukingirwa (IIS) canke mu zindi sisitemu zibigenewe. Ibi bizotuma uronswa urucanco rukugenewe mu gihe ugarutse kuronswa doze ya kabiri. Ku yandi makuru kuri IISs, raba ku rubuga rwa: <https://www.cdc.gov/vaccines/programs/iis/about.html>.

NI IKI POROGARAMA IRABA ISHUMBUSHO RY’ABABABAJWE?

Porogarama Iraba Ishumbusho ry’Ababajwe (CICP) ni porogarama ya federasiyo ishobora gufasha kuriha kuvuzwa canke ibindi bijanye no kuvuzwa ku bantu bamwebamwe bashobora kuba barababajwe bikaze

n'imiti imwimwe canke urucanco, n'uru rucanco rurimwo. Muri rusangi, ikirego gitegerezwa gushikira CICIP mu kiringo c'umwaka umwe (1) kuva ku musu waronkejwe urucanco. Kugira umenye amakuru atomoye araba iyi porogarama, raba www.hrsa.gov/cicp/ canke uhamagare 1-855-266-2427.

URUHUSHA RWOGUKOresha VYIHUTWIRWA (EUA) NI IKI?

FDA yo muri Reta Zunze Ubumwe yarekuriye urucanco rwa Moderna rukingira COVID-19 bifatiwe ku burenganzira bwihuta bwitwa EUA. EUA ishigikiwe n'Umushikiranganji Ujejwe Amagara y'Abanyagihugu na Seruvise Zironswa Abantu (HHS) mu kivugo gisobonura yuko ibihe turimwo bishigikira kurekura uburenganzira bwo rwo gukoreshwa vyihutirwa imiti n'ibindi muri iki kiza ca COVID-19.

Urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna ntirurasuzumwa co kimwe nk'ibindi birekuriwe na FDA canke vyemejwe nayo. FDA ishobora gusohora EUA iyo ibintu bimwebimwe vyatunganijwe, ivyo navyo bikaba bisigura yuko ata kintu co, cemewe, canke kindi gihari. Vyongeye, ingingo FDA ifata ihagaze ku bintu vyose vya siyansi bimaze kuboneka vyerekana yuko icasohotse gishobora kuba gikora mu gukungira COVID-19 muri iki kiza ca COVID-19 kandi inyugu zizwi n'inyungu zindi zishobora kuhabonekera ziruta ivyago bizwi n'ibishobora kuhabonekera. Ibi bisabwa vyose bitegerezwa kuba bikwiriye kugira barekurire umuti gukoreshwa muri iki kiza ca COVID-19.

EUA irekurira urucanco kuri COVID-19 rwa Moderna rushizwe mungiro muriki kiringo c'itangazo ya EUA ya COVID-19 ishigikira ugukoresha vyihutwa yiyi miti, kiretse bihagaritswe canke bifuswe (nyuma yaho iyimiti ntizosubira gukoreshwa).

©2020 ModernaTX, Inc. Uburenganzira bwose ni ubw'ababisohoye.

uburenganzira ibinyabuzima bifise bwo kutiganwa: www.modernatx.com/patents

Yasubiwemwo: 12/2020



Sikana kugira ufate yuko ururupapuro rwukuri rwahawe abaronswa urucanco kugira baronke amakuru ngurukanabumenyi/canke sisitemu iraba gukingirwa.

Itariki y'uturongo twa kode: 12/2020